# 69 жаслы пуқара 19 метр тереңликтеги қудыққа түсип кетти

Image not found or type unknown

2020-жылдың 24-ноябрь күни азанғы саат 07:30 да Жиззақ ўәлаяты Ғаллаорол районы «Лалмикор» МПЖ аймағы турғыны 69 жаслы пуқара үй қудығынан суў алмақшы болып итибарсызлық ақыбетинде қудық ишине түсип кеткен.

Ўақыя орнына тезлик пенен Айрықша жағдайлар басқармасы қутқарыў отряды жетип барған.

Қудықтың тереңлиги 19 метрди қурайды.

Пуқара қутқарыўшылар тәрепинен тезлик пенен шығарып алынын емлеўханаға жиберилген.

Жәбирлениўши қәўипли жарақат алмаған. Шыпакерлер оның жағдайын унамлы деп бахаламақта.